**दिन–बुधवार** **दिनांक–26.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधानसभा मे आइ वक्फ संसोधन अधिनियम के लऽकऽ विपक्षी दल राष्ट्रीय दल आओर माले के सदस्य सभ खुब हल्ला–गुल्ला कयलनि। जाहि सँ प्रश्नकाल आओर शून्यकालक कार्यवाही बाधित भेल। आइ सदनक कार्यवाही शुरू होयतहि मालेक महबूब आलम आओर सत्यदेव राम ई मामिला के उठौलनि। काज स्थगित कऽ वक्फ विधेयक पर चर्चाक मांग के लऽकऽ विपक्ष हल्ला–गुल्ला आओर नारा लगाबय लगलाह। हल्ला–गुल्लाक बीच विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव प्रश्नकाल शुरू करौलनि। एहि बीच विपक्षी सदस्य सभ नारा लगबैत सदनक बिचो–बिच आबि गेलाह। एहि सँ अध्यक्ष दूपहर दू बजे धरि कार्यवाही स्थगित कऽ देलनि। विपक्ष आइ ई मुद्दा के लऽकऽ विधानसभाक मुख्य द्वार पर सेहो विरोध प्रदर्शन कयलक। एम्हर, विधान परिषद मे सेहो विपक्षी ई मुद्दा के लऽकऽ सरकार के घेरय चाहलनि।

---

विधान मंडलक बजट सत्र तय समय सँ एक दिन पहिने संपन्न भऽ जायत। दुनू सदन आब काल्हि धरि चलत। पहिने सत्र अट्ठाईस मार्च धरि चलबाक छल। संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी दुनू सदन मे ई निर्णयक जनतब सदस्य सभ के देलनि। श्री चौधरी जनौलनि जे कार्य मंत्रणाक समितिक बैसार मे सभ दलक बीच एहि लेल सहमति बनल अछि।

---

ऑल इंडिया मुस्लिम पर्सनल लॉ बोर्डक अगुआइ मे कतेको मुस्लिम संगठन वक्फ संसोधन बिल–दू हजार चौबीसक खिलाफ आइ पटनाक गर्दनीबाग मे विरोध प्रदर्शन कयलक। मुस्लिम संगठन सभ समान विचारधारा वाला दल सभ सँ ई मामिला मे समर्थन देबाक जनौलक अछि। ऑल इंडिया मुस्लिम पर्सनल लॉ बोर्डक प्रवक्ता डॉक्टर एस.क्यू.आर इलियास जनौलनि जे ई बिल धर्म निरपेक्षता पर हमला अछि आओर ई सामप्रदायिक सद्भाव के बिगाड़बाक लेल आनल गेल अछि। एम्हर, राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद आओर विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी

यादव धरना स्थल पर विरोध प्रदर्शन मे भाग लेलनि। लोकसभा सदस्य आओर आजाद समाज पार्टीक प्रमुख चन्द्रशेखर आजाद सेहो पटना मे विरोध प्रदर्शन मे छलाह।

————————————————————————————

बिहार एनडीएक सभ दलक एक पैघ बैसार आइ किछु कालक बाद नव दिल्ली मे भाजपा सांसद संजय जायसवाल आवास पर होयत। बैसारक मुख्य एजेंडा अगिला विधानसभा चुनाव मे एनडीएक घटक दलक बिच समन्वय के बढ़िया बनेनाइ अछि। ई बैसार मे भाजपा अध्यक्ष जे.पी. नड्डा, राज्यक वरिष्ठ भाजपा नेता सभक संग–संग जनता दल यूनाइटेड, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा सेकुलर आओर राष्ट्रीय लोक मोर्चाक वरिष्ठ नेता आओर बिहार सँ एनडीएक सांसद सभ छलाह।

————————————————————————————

निर्वाचन आयोग आइ नव दिल्ली मे पहिल बेर एक लाख सँ बेसी बूथ लेबल अधिकारी–बीएलओ सभक प्रशिक्षण कार्यक्रम शुरू कयलक। मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार कार्यक्रमक उद्घाटन कयलनि। कार्यक्रम मे बिहार, पश्चिम बंगाल आओर असमक बीएलओ, निर्वाचक पंजीकरण अधिकारी आओर जिला चुनाव अधिकारी सभ भाग लऽ रहल छथि। मुख्य चुनाव आयुक्त जनौलनि जे क्षमता बढेबाक ई कार्यक्रम कतेको चरण मे चलैत रहत। एहि मे ओ राज्य सभ के प्राथमिकता देल जायत जतय चुनाव होबयवला अछि।

————————————————————————————

मुंगेर जिलाक हवेली खडगपुर अनुमंडलक तेघड़ा गाम मे कौआ सभ मे बर्ड फ्लूक पुष्टि भेल अछि। पछिला दिन एतय मृत पाओल गेल कौआक भोपाल प्रयोगशालाक जाँच रिपोर्ट पोजिटिव पाओल गेल अछि। एकर बाद प्रशासन तबाहीवला क्षेत्र मे दवाई छिटबाक काज शुरू कऽ देलक अछि। जिला पशुपालन पदाधिकारी डॉक्टर कमलदेव जनौलनि जे आइ केन्द्रीय टीम तेघड़ा गाम जाकऽ स्थिति के देखलनि।

---

राष्ट्रीय महिला आयोगक अध्यक्ष विजया राहतकर राज्यक तीन दिनक दौरा पर छथि। महिला सभक समस्या के लऽकऽ काल्हि वैशाली जिले में आओर अट्ठाइस मार्च कऽ छपरा में जन सुनवाई कयल जायत। संगहि ओ छपरा जेलक सेहो दौरा करतीह।

---

शिवहरक जिलाधिकारी विवेक रंजन मैत्रेय दीनदयाल उपाध्याय ग्रामीण कौशल योजना मे कौशल रथ के विदा कयलनि। एहि सँ युवा सभ के कौशल विकास आओर रोजगारक अवसरक जनतब दऽ जागरूक कयल जायत।

---

बेगूसराय जिलाक सिंघौल थानाक कमरूद्दीनपुर गाम मे शराब बेचय सँ मना कयला पर अपराधी सभ ग्रामीण पर हमला कऽ देलक, जाहि दू लोक घायल भऽ गेलाह।

---

प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे तापमान बढ़ला सँ गर्मीक असरि बढ़ि गेल अछि। दिनभरि तेज रौदक कारण प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे अधिकतम तापमान चौंतीस डिग्री सेल्सियस सँ सैंतीस डिग्री सेल्सियस भऽ गेल अछि। मौसम विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच बक्सर राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल, जतऽ अधिकतम तापमान सैंतीस दशमलवा सात डिग्री सेल्सियस रहल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे प्रदेशक तापमान अगिला किछु दिन धरि बढैत रहत।

---

समाप्त भेल